



Pou Piblikasyon Imedya: 12/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TOU PREMYE SOMÈ REZEN KONKÒD LA POU  
PWOMOUVWA KWASANS K AP KONTINYE FÈT NAN ENDISTRI AGRIKÒL  
NEW YORK LA**

***Inisyativ pou Revitalize Endistri Rezen Konkòd la gen ladan Rechèch Agrikòl,  
Nouvo Devlopman Pwodwi, ak Amelyorasyon Vinyòb nan Rejyon Lwès  
New York la yo - Gade Videyo Somè a [Isit la](#)***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse tou premye Somè Rezen Konkòd (Concord Grape Summit) Eta New York la pou revitalize epi agrandi endistri rezen konkòd eta a. Agrikiltè, chèchè ak lidè endistri yo te rankontre ak fonksyonè eta yo pou yo diskite sou defi ki anpeche kwasans endistri a yo epi eksplòre nouvel opòtinite pou kiltivatè rezen Konkòd nan Eta New York yo. Pandan somè a, yo te anonse plizyè inisyativ pou ede ranfòse endistri a, ki gen ladan agrandisman rechèch, envestisman nan nouvo pwodwi ak nouvo devlopman mache, epi agrandi pwogram komèsyalizasyon ak pwomosyonèl yo pou ankouraje ogmantasyon kwasans nan sektè sa a.

“Endistri rezen Konkòd Rejyon Lwès New York la egzanplifye sa ki pi meyè pami agrikilti divès eta a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou agrandi rechèch ak opòtinite komèsyalizasyon pou pwodiktè ak moun k ap transfòme rezen Konkòd yo, nou ka ofri yon ranfò pou kominote agrikòl la, devlope biznis, epi kreye nouvo djòb nan rejyon sa a ak toupatou atravè New York.”

Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te ouvri Somè a ki te fèt jodi a nan Sant Dekouvèt Rezen an (Grape Discovery Center) nan Konte Chautauqua, ki se kè kilti rezen Konkòd nan Rejyon Lès Etazini an.

“Antanke yon vizitè nan Konte vwazen Chautauqua depi toujou, mwen konnen genyen yon fyète lokal enòm nan lefèt ke se pi gran rejyon mitwayen kote yo kiltive rezen konkòd nan mond lan”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Rezen konkòd yo kiltive atravè litoral Lak Erie a yo se yon eleman enpòtan nan peyizaj agrikòl divès Eta New York la. Gouvènè a avè m te pran angajman pou nou fè tout sa nou kapab pou nou sipòte endistri rezen an ak pwodwi agrikòl toupatou atravè eta a yo. Jodi a nou te tandè pati prenan yo pami yo agrikiltè yo, chèchè, ak lidè endistri a yo, epi kounye a nou ka vanse vè lavan avèk solisyon pou nou abòde defi Rejyon Rezen an (Grape Belt) ap konfwonte nan Rejyon Lwès New York la yo.”

New York se dezyèm pi gran pwodiktè rezen Konkòd nan nasyon an, epi Rejyon Rezen Lak Erie a (Lake Erie Concord Belt) se rejyon k ap kiltive rezen Konkòd ki pi ansyen ak pi gran nan mond lan. Apeprè 12,140 ekta tè ki gen vinyòb rezen sitiye anndan rejyon an ki gen majorite, plis pase 7,284 ekta ladan yo, ap kiltive nan Eta New York. Yo itilize varyete Konkòd la nan pwodiksyon plizyè pwodwi a valè ajoute, ki gen ladan ji rezen, jele ak mamelad rezen, ak diven.

Endistri Rezen Konkòd New York la gen yon enpak konsiderab sou ekonomi eta ak pi lwen toujou. Yon etid Asosiyasyon Eritaj Rejyon Rezen Konkòd Lak Erie a (Lake Erie Concord Grape Belt Heritage Association) te mennen, avèk asistans Cornell University ak Pennsylvania State University, te estime ke chak ane, pwodiktè nan Rejyon Rezen Konkòd la pwodwi 150,000 tòn rezen Konkòd oswa plis sou 12,140 ekta tè ki gen vinyòb yo. Yo transfòme anpil douzèn pwodwi a valè ajoute onivo lokal epi yo vann yo toupatou atravè Etazini ak ekspòte yo atravè mond lan. An jeneral, aktivite ki gen rapò ak pwodiksyon rezen yo tankou kilti, transfòmasyon ak vinifikasyon yo sipòte prèske 2,000 djòb epi kontribiye 340 milyon dola nan enpak ekonomik otototal.

Nan ane ki sot pase yo, kiltivatè rezen Konkòd New York yo te fè fas a anpil defi akòz yon melanj chanjman preferans konsomatè yo gen pou pwodwi ji yo ak eksedan pwodwi yo ki te redwi pri rezen an yo. Biznis ki pwodwi ji ak jele yo te sibi enpak tou, avèk anpil ladan yo ki te fèmen oswa redwi pwodiksyon yo kòm konsekans.

Somè Rezen Konkòd la, yo te premye anonse nan Diskou Eta Leta 2018-19 Gouvènè a, te chache reyini lidè nan sektè agrikòl, rechèch, ak biznis yo pou yo diskite sou nouvo devlopman ak estrateji pou redinamize endistri rezen Konkòd New York la epi estimile ekonomi agrikòl Eta a. Baze sou enfòmasyon pati prenan kle sa yo, Gouvènè a te anonse plizyè mezi inovatè pou kapab ogmante opòtinite pou fèm ak biznis ki nan sektè agrikòl sa yo.

## **Rechèch Avanse**

- Sipòte rechèch sou denatirasyon ji Konkòd la pou kreye yon melanj ji ak diven natirèl atravè yon patenarya piblik-prive ant Cornell University ak Welch's.
- Sipòte, an patenarya ak Cornell University, yon Pwogram Sètifikasyon Viny (Vine Certification Program) pou asire materyèl plantasyon ki san maladi.
- Ofri Cornell University 300,000 dola pou yo fè rechèch syantifik sou pwodwi alimantè ak pou devlopman nouvo pwodwi ki itilize Konkòd yo.
- Pwogram Elvaj Cornell University a (Cornell University's Breeding Program) pral fè sòti NY 98, ki se yon rezen tab dous, san grenn ki gen menm koulè ak yon rezen Konkòd.

## **Devlope Nouvo Pwodwi ak Mache yo**

Eta a pral investi nan plizyè estrateji komèsyalizasyon pou sipòte devlopman nouvo pwodwi yo fè ak rezen Konkòd yo epi entwodwi kilvatè rezen Konkòd yo a nouvo mache, ki gen ladan:

- Òganize “Konpetisyon Rezen Eta New York la” (Grape State of NY Competition) pou mete pwodiktè pwodwi alimantè ak bwason New York yo odefi pou yo devlope nouvo liy pwodwi k ap itilize rezen Konkòd yo ak ji rezen.

- Lanse yon Pwogram Sibvansyon pou Devlopman Nouvo Mache (Market Development Grants Program) 100,000 dola pou sipòte nouvo opòtinite komèsyalizasyon pou Konkòd la yo.
- Ogmante reprezantasyon endistri rezen an nan fwar komèsyal domestik ak entènasyonal yo, ki gen ladan evènman nan Chicago, Orlando ak Vil New York.
- Òganize de atelye sou opòtinite pou fè ekspòtasyon ak asistans nan komèsyalizasyon.
- Konsantre sou acha enstitisyonèl ji rezen.

### **Pwogram Amelyorasyon Vinyòb la**

New York pral investi plis pase 1.2 milyon dola pou ede kiltivatè rezen Konkòd yo renove vinyòb yo, plante nouvel viny, oswa divèsifye operasyon vinyòb yo.

### **Ogmante Pwogram Komèsyalizasyon ak Pwomosyon Rezen yo**

- Lanse yon nouvo Konpetisyon Brandy yo (Brandy Competition) ajoute nan Koup Gouvènè a (Governor's Cup), k ap mete vinyifikatè yo odefi pou yo devlope yon bwason atizanal inik a New York ki gen rezen Konkòd ladan.
- Ekspoze pwodwi rezen Konkòd yo nan Sant Dakèy Taste NY yo.
- Òganize “Jounnen se yon Rezen an” (It's a Grape Day) nan Gran Fwar Eta New York la, ki pral gen ladan yon bann varyete machann rezen nan Taste NY Marketplace ki gen nan Fwar la yo.
- Agrandi pwogram Kiltive ak Sètifye nan Eta New York la (NYS Grown & Certified) pou yo enkli ji rezen ak diven.

**Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare,** “Kiltivatè rezen Konkòd New York yo alatèt nasyon an nan pwodiksyon danre espesyalize sa a ki sipòte kominote agrikòl nou an ak biznis ki gen rapò ak rezen yo toupatou atravè Eta New York la. Bagay yo toujou pi byen mache lè nou travay ansanm, alò mwen kontan anpil paske nou te gen patnè apwopriye yo sou tab la jodi a nan somè a pou nou pale sou kijan nou ka ede kiltivatè rezen yo ranvèse tandans resan yo epi travay pou yo redinamize sektè enpòtan sa a”.

**Sam Filler, Direktè Egzekitif Fondasyon Diven ak Rezen New York la (New York Wine & Grape Foundation), te deklare,** “Endistri rezen Konkòd New York la se yon eleman konsiderab nan ekonomi agrikòl Eta a epi Fondasyon Diven ak Rezen New York la devwe l pou l asire ke rezen Konkòd kontinye rete yon pwodwi agrikòl vyab agrikiltè New York yo kiltive. Lè nou investi nan rechèch ak resous pwodiktè rezen ak biznis ki gen rapò ak rezen nou yo bezwen yo, New York pral kapab sekirize plas li kòm dezyèm pi gran pwodiktè rezen Konkòd nan nasyon an, pwomouvwa bon jan kalite kiltivatè nou yo, epi kreye nouvo pwodwi ak pwodwi inovatè ki pral kapte atansyon konsomatè yo”.

**Prezidan Komite Agrikòl Sena a (Senate Agriculture Committee), Senatè Patty Ritchie, te deklare,** “Yo rekonèt Eta New York la kòm Kapital Rezen Konkòd nan Mond lan, epi konsa, Rezen Konkòd yo se yon eleman enpòtan nan ekonomi agrikòl nou an. Toutfwa, tandans konsomatè yo ak endistri a yo ap kreye nouvo defi pou kiltivatè ak pwodiktè yo. Somè sa a, melanje ak finansman bidjè a bay pou rechèch Cornell la, pral ede ranfòse eleman kle nan sektè agrikòl nou an sa a, jwenn nouvel opòtinite pou kwasans ak siksè epi ede agrikiltè toupatou atravè eta a yo”.

**Senatè Catharine Young te deklare,** “Sitiye anndan Distri Sena mwen an, Rejyon Rezen Konkòd Lak Erie a se yon eleman vital nan ekonomi agrikòl nou an epi li ofri yon mwayen sibzistans pou anpil santèn fanmi fèm travayè. Se poutèt sa a mwen te travay pou sekirize finansman nan bidjè eta a ki pral pèmèt chèchè agrikòl Cornell yo fè vanse devlopman nouvo pwodwi abaz rezen yo. Somè presye jodi a te ofri yon bèl opòtinite pou nou diskite posibilite sa yo pandan n ap angaje yon vast evantay patnè nan dyalòg sou kijan pou nou konstwi yon avni ki pi solid pou endistri a”.

**Manm Asanble Bill Magee, Prezidan Asanble Komite Agrikòl a (Assembly Agriculture Committee), te deklare,** “Somè Rezen Konkòd la te reyini ansanm kiltivatè, fonksyonè eli ak lidè endistri a yo pou yo diskite sou defi inik kiltivatè rezen Konkòd yo ap konfwonte pandan gou konsomatè yo ap chanje epi endistri a ap evolye. Ansanm, nou ap jwenn solisyon pou endistri sa a k ap ede nou agrandi opòtinite komèsyalizasyon yo epi fè vanse rechèch sou danre sa a. Mwen pran angajman pou m ede agrikiltè toupatoou atravè eta a yo reyisi pou yo ka kontinye travay tè a epi kreye bon jan djòb”.

**Manm Asanble Andy Goodell te deklare,** “Avèk plis pase 1,500 fèm ak plis pase 95,505 ekta tè ki nan pwodiksyon, agrikilti ekstrèman enpòtan pou Konte Chautauqua a. Pwodiksyon rezen Konkòd nou an pote plis pase 20 milyon dola nan vant anyèl epi li klase kòm 1e nan Eta New York la ak 13èm vant ki pi elve nan nasyon an. Nou vrèman apresye Gouvènè Adjwen Hochul ak Komisè Ball pou sipò yo bay motè ekonomik ki enpòtan pou konte nou an sa a, ak lidèchip yo nan kad patisipasyon yo ak òganizasyon Somè Rezen Konkòd la”.

**Egzekitif Konte Chautauqua a, George Borrello, te deklare,** “Agrikilti ak endistri rezen konkòd la se yon trè gran eleman enpòtan nan ekonomi konte Chautauqua a. Nou fyè de anpil jenerasyon kiltivatè rezen yo, pami yo pwòp fanmi m, ki te apwovizyone rezen konkòd pou pwodwi yo vann toupatoou atravè mond lan yo”.

**Kathryn J. Boor, ki se Dwayèn Inivèsite Agwonomi ak Syans Lavi (College of Agriculture and Life Sciences, CALS) Ronald P. Lynch lan nan Cornell University, te deklare,** “Cornell CALS ak sistèm Ekstansyon Koperativ nou an te fè patenarya depi byen lontan ak kiltivatè rezen konkòd yo pou amelyore tèren yo, aplike nouvo teknik rekòlt, epi lanse aplikasyon teknoloji pou kilti presizyon tankou itilizasyon robotik ak dwòn yo. Mwen aplodi vizyon Gouvènè Cuomo genyen nan kad konvokasyon somè a pou ede kominote k ap kiltive rezen nou an nan Rejyon Lwès New York. Menm jan nou te wè pandan tout dire long istwa nou genyen kòm enstitisyon Sibvansyon Tèren Eta New York la (New York State’s Land Grant), amelyorasyon nan efikasite agrikòl yo dwe mache ansanm ak panse inovatè sou nouvo pwodwi ak nouvo mache yo. Mwen tèlman kontan paske gras a Senatè Catharine Young ak Manm Asanble Andy Goodell, bidjè eta yo pwomilge resaman an te enkli finansman pou ede fabrikasyon pwodwi ji rezen Konkòd yo - soti nan Welch’s rive nan etablisman diven lokal yo - dekouvri nouvel itilizasyon pou yon pwodwi lokal ki gen bon gou epi ki bon pou lasante konsa”.

**Patricia Hathaway, ki se prezidan Asosiyasyon Eritaj Rejyon Rezen Konkòd la, te deklare,** “Asosiyasyon Eritaj Rejyon Rezen Konkòd la fyè epi se yon onè pou nou òganize tou premye Somè Rezen Konkòd la pou Eta New York. Yo te kreye Sant Dekouvèt Rezen an pou l sèvi kòm yon espas evènman pou moun vin goute gou

mèveye pwodwi rezen Konkòd yo, aprann istwa ak avantaj rezen Konkòd genyen yo, eksplòre ak konprann istwa sou poukisa varyete rezen sa a pouse byen konsa isit la, epi magazine pou tout bèl pwodwi yo fè ak danre ekstraòdinè sa a”.

**Brent Roggie, ki se Direktè Jeneral, Direktè Ekspwatasyon ak Trezorye Welch’s, te deklare,** “Endistri rezen Konkòd la ap fè fas a dè moman difisil. Kat danre ki te siperyè alamwayèn pandan senk dènye ane ki sot pase yo melanje ak bès nan demann pou 100% ji yo te lakoz pri yo bese pou kiltivatè yo. Anpil kiltivatè te deja ap kiltive depi plizyè jenerasyon epi yo vle gen yon endistri an sante ki asire ke se pa yo k ap dènye jenerasyon an. Rezen Konkòd yo gen anpil kalite nitritiv epi lè yo mete l nan yo rejim alimantè sen, 100% ji yo fè ak rezen Konkòd yo ede satisfè objektif konsomasyon fwi pa jou a yo. Objektif nou se pou nou fè rezen Konkòd vin fè pati rejim alimantè tout moun. Endistri nou an atann pou nou diskite sou defi ak opòtinite yo nan Somè Rezen Konkòd la”.

**David Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl New York (New York Farm Bureau), te deklare,** “New York gen yon tradisyon kilti rezen Konkòd depi byen lontan. Pou li ka rete yon danre dinamik nan eta a, nou bezwen konsantre sou pwomosyon, rechèch, epi opòtinite ak transfòmasyon pou nouvo pwodwi. Somè jodi a te yon bèl opòtinite pou nou gade vè lavni ak pou n gade kijan pou eta a, biznis, ak kominote fèm yo ka reyini ansanm pou abòde bezwen endistri a yo. Nou remèsye Gouvènè Cuomo ak Komisè Ball paske yo mete kiltivatè rezen nou yo kòm yon priyorite”.

**Mark Bordeau, ki se Direktè Prensipal Sèvis Alimantè, Asosiyasyon Nitrisyon Eskolè a (School Nutrition Association), te deklare,** “Pwogram Nitrisyon Eskolè Eta New York la yo kontan anpil pou yo patisipe nan Somè Eta a. Nou trè enterese pou n gen yon pwodwi nitrisyonèl tankou Ji Rezen yo Rekòlte nan New York pou elèv nou yo. Sa pral yon siy pozitif pou kominote agrikòl nou an epe li pral ede nou nan efò nou ap fè pou n vin yon pwogram ki gen nitrisyon solid ak yon pwogram prevansyon”.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)